**दिन—शनि** **दिनांक—20.07.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधि— 05 मिनट

———————————————————————————————————————

राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी एनटीए मेडिकल प्रवेश परीक्षा नीट यूजीक केन्द्र—वार परिणाम अपन वेबसाइट पर अपलोड कऽ देलक। एनटीए सर्वोच्च न्यायालयक निर्देशक बाद परिणाम वेबसाइट पर देलक अछि। एहि सँ पहिने न्यायालय एनटीएक उम्मीदवार सभक पहचानक मास्किंग कऽ आइ दूपहर बारह बजे धरि वेबसाइट पर शहर—वार आ केन्द्र—वार परिणाम घोषित करबाक निर्देश देने छल। परिणाब आब वेबसाइट नीट डैस एनटीए ऑनलाइन डैस इन पर उपलब्ध अछि। ध्यातव्य अछि जे पछिला चारि जून कऽ नीट यूजी परीक्षाक परिणाम घोषित कयल गेल छल। एकर बाद परीक्षा परिणाम सँ जुड़ल विभिन्न बिन्दु सभ पर विवाद उत्पन्न भेल आ आब ई मामिला सर्वोच्च न्यायालयक विचाराधीन अछि।

———————————————

केन्द्र सरकार बाईस जुलाई सँ आरम्भ भऽ रहल संसदक बजट सत्र सँ पहिने काल्हि सर्वदलीय बैसक बजौलक अछि। बैसकक दरमियान सरकार संसदक दुनू सदन के सुचारू संचालनक लेल सभ दल सँ सहयोगक अनुरोध करत। बजट सत्र बारह अगस्त धरि चलत। ओतहि, वित्तमंत्री निर्मला सीतारामन तैइस जुलाई मंगल दिन आम बजट प्रस्तुत करतीह। ई नरेन्द्र मोदी सरकारक तेसर कार्यकालक पहिल बजट अछि। पछिला मास संसदक दुनू सदनक संयुक्त बैसक के सम्बोधित करैत राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू कहने छली जे ई बजट सरकारक दूरगामी नीति आ भविष्यवादी दृष्टिकोणक प्रभावी दस्तावेज होयत।

———————————————

एम्हर, बिहार विधानमंडलक बाईस जुलाई सँ आरम्भ भऽ रहल मॉनसून सत्र के लऽकऽ तैयारी कयल जा रहल अछि। एहि क्रम मे विधानसभा अध्यक्ष नन्द किशोर यादव कतेको राजनीतिक दलक संग बैसक मे सत्र के शांतिपूर्ण ढंग सँ चलेबाक लेल सहयोग करबाक अनुरोध कयलनि। एम्हर, विधान परिषदक कार्यकारी सभापति अवधेश नारायण सिंहक अध्यक्षता मे सेहो एक सर्वदलीय बैसक भेल। श्री सिंह सभ दलक प्रतिनिधि सभक संग बैसक

मे विश्वास जतौलनि जे संसद मे जनहितक विषय सभ पर सार्थक विचार–विमर्श होयत। छब्बीस जुलाई धरि चलयवला एहि सत्रक दरमियान पाँच बैसक होयत।

———————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र आ पड़ोसी राज्य सभ मे लगातार वर्षाक कारणे गंगा, सोन, गंडक सहित कतेको नदीक जलस्तर बढि रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर बक्सर आ पटनाक दीघा घाट आ गाँधी घाट पर लगातार बढ़ि रहल अछि। ओतहि गंडक नदीक जलस्तर गोपालगंजक डुमरिया घाट मे खतराक निशान के पार कऽ गेल अछि। बागमती नदीक जलस्तर सीतामढ़ीक रून्नीसैदपुर आ मुजफ्फरपुरक बेनीबाद मे खतराक निशानक लऽग–पास बनल अछि। एम्हर, कोसी नदीक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा मे लाल निशान सँ साठि सेंटीमीटर ऊपर दर्ज कयल गेल। महानन्दा नदीक जलस्तर पूर्णियांक ढेंगराघाट मे लगातार बढि रहल अछि। सौननदीक जतस्तर मे भोजपुरक कोईलवर आ पटनाक मनेर मे वृद्धि दर्ज कएल गेल अछि।

———————————————————

प्रदेशक कतेको भाग मे दक्षिण–पश्चिम मॉनसूनक गतिविधि कमजोर पडि रहल अछि। रोहतास, भभुआ आ औरंगाबाद सहित राज्यक दक्षिण–पश्चिम भाग मे किछु स्थान के छोड़िकऽ अधिकांश स्थान पर मौसम शुष्क बनल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक जे अगिला दू दिन धरि राज्यक उत्तर–पूर्व भाग मे कतेको स्थान पर मेघगर्जन आ वज्रपातक आशंका अछि। विभाग जनौलक जे अगिला अड़तालीस घंटाक बाद प्रदेश अधिकतर स्थान पर मॉनसून के फेर से सक्रिय होयबाक लेल अनुकूल परिस्थिति बनि रहल अछि।

———————————————————

भारतीय डाक विभाग लोक सभ के सलाह देलक अछि जे ओ अपन प्रियजन सभ के राखी पहुंचेबाक लेल एकतीस जुलाई धरि राखी पठा देथि। विभाग अंतर्राष्ट्रीय मेलिंग के कठिनाई सभ सँ निपटबा आ देरी आओर सीमा शुल्क संबंधी समस्या सभक संभावना के कम करबाक लेल ई सलाह देलक अछि।

———————————————————

अररियाक स्थानीय अदालत ताराबाड़ी थाना क्षेत्र मे दू हजार एक्कैस मे भेल हत्याक एक मामिला मे दू लोक कँ उम्रकैदक सजाए सुनौलक अछि।

———————————————————

ओतहि, मुंगेर मे विशेष अदालत पॉक्सो एक्ट के अंतर्गत छओ लोक के आजीवन कारवासक सजाए सुनौलक अछि।

———————————————————————————

कटिहार पुलिस कम्प्यूटर सेंटर मे नौकरी देबाक नाम पर ठगी करबाक आरोप मे तीन लोक के गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।